

Jwenn Konsèy Reparasyon Kay 25 a 30 oktòb nan Lowe's sou Staten Island

Release Date: Oktòb 22, 2021

NEW YORK - Pandan moun New York yo tap repare ak rekonstwi kay yo, FEMA te asosye avèk magazen Lowe's yo nan Staten Island pou bay enfòmasyon ak konsèy gratis sou kòman pou fè kay katastwòf natirèl te kraze yo vin pi solid ak pi an sekirite.

Espesyalis FEMA yo ap disponib nan kote ki endike anba a pou reponn kesyon epi ofri konsèy ak teknik pou bati kay ki reziste ak danje pou ede anpeche oswa diminye domaj nan katastwòf yo. Pifò nan enfòmasyon yo se pou moun k ap fè travay brikolaj ak kontraktè jeneral yo.

Konseye FEMA pou Diminye Danje yo disponib **lendi 25 oktòb rive samdi 30 oktòb**:

Lowe's

2171 Forest Ave.

Staten Island, NY 10303

Lè nou louvri: 9 a.m. jiska 6 p.m.

Ti liv referans gratis ki gen enfòmasyon sou pwoteje yon kay kont domaj inondasyon ap disponib tou pou sivivan yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwoteje pwopriyete nan <https://www.fema.gov/emergency-managers/risk-management>.

Pou dènye enfòmasyon konsènan efò rekiperasyon ki ap fèt nan kad Siklòn Ida an, vizite fema.gov/disaster/4615. Swiv nou sou Twitter nan twitter.com/femaregion2 epi www.facebook.com/fema.



FEMA

Page 1 of 1